**दिन– शनिवार** **दिनांक–31.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहलनि अछि जे पहलगाम आतंकी हमला भरतक नारी शक्ति कँ चुनौती छल आ ई एहि हमलाक साजिश करय बलाक लेल मौतक संदेश साबित भेल अछि। भोपाल मे आयोजि जनसभा में श्री मोदी कहलनि जे भारत कोनो तरहक परोक्ष युद्ध बर्दाश्त नहि रकत आ एहेन कोनो आतंकी कर्रावाई सँ सख्ती सँ निपटल जायत।

———————————————————

केन्द्र सरकार कच्चा पाम ऑयल, कच्चा सोयाबीन तेल आ कच्चा सूरजमुखी तेल पर सीमा शुल्क घटा कऽ दस प्रतिशत कऽ देलक अछि। एकर उद्‌देश्य खाद्य तेलक खुदरा दाम मे कमी लेनाय आ घरेलू उद्योग कँ प्रोत्साहित केनाय अछि। एहि संबंध मे वित्त मंत्रालय एक अधिसूचना जारी कयलक अछि। एहि सँ पहिने एहि तीनू कच्चा खाद्य तेल पर शुल्क बीस प्रतिशत छल। भारत अपन घरेलू खाद्य तेल आवश्यकताक पचास प्रतिशत सँ बेसी आयात करैत अछि। भारत दू हजार तेईस–चौबीसक दरमियान एक सय उनसठि दशमलव छओ लाख टन खाद्य तेलक आयात कयलक, जकर कीमत एक करोड़ बत्तीस लाख टाका अछि। रिफाइंड ऑयल पर सीमा शुल्क मे कोनो परिवर्तन नहि कयल गेल अछि।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटनाक एनएमसीएच परिसर मे राजकीय तिब्बी चिकित्सा महाविद्यालय आ अस्पतालक निर्माण काजक शुभारंभ कयलनि। एहि अस्पतालक निर्माण दू सय चौंसठि करोड़ टाकाक लागति सँ कयल जायत। दू सय बेडक क्षमताबला पाँच मंजिला अस्पताल मे मरीजक लेल सभ अत्याधुनिक सुविधा सभ होयत। समारोह मे उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा, स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय समेत कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

———————————————————

स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे राज्य सरकार प्रदेश मे स्वास्थ्य व्यवस्थाक उन्नयन आ विस्तारक लेल लगातार काज कऽ रहल अछि। पटनाक अधिवेशन भवन मे दू सय अट्ठाईस विशेषज्ञ चिकित्सक सभ कैँ नियुक्ति पत्र प्रदान करैत श्री पांडेय कहलनि जे एहि सँ स्वास्थ्य सेवा, संरचना आओर मजगूत होयत।

————————————————————

शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ कहलनि अछि जे बीस जून सँ शिक्षक कैँ स्थानांतरण के पत्र भेटब शुरू भऽ जायत। ई–शिक्षा कोष पोर्टल पर शि़क्षक अपन नाम देख सकताह। ओ कहलनि जे शिक्षकक लंबित ट्रांसफर प्रक्रिया कैँ गतिशील बनेबाक लेल एकरा पूरा तरह सँ डिजिटल आ पारदर्शी बना देल गेल अछि।

————————————————————

दिल्ली उच्च न्यायालय जमीनक बदला नौकरी घोटाला मामिला मे निचला अदालतक कार्यवाही पर रोक लगेबा सँ मना कऽ देलक अछि। न्यायलय एहि संबंध मे राजद प्रमुख आ पूर्व रेल मंत्री लालू प्रसादक याचिका कैँ आइ खारिज कऽ देलक। अदालत अपन निर्णय मे कहलक अछि जे रेलवे मे जमीनक बदला नौकरी मामिला मे कथित भ्रष्टाचार सँ संबंधित सुनवाई निचला अदालत मे जारी रहि सकैत अछि। एहि मामिलाक जाँच सीबीआई कयने छल।

————————————————————

प्रदेशक सभ सरकारी विद्यालय मे आइ अभिभावक–शिक्षक संगोष्ठी–पैरेंट मीट के आयोजन कयल गेल। एहि मे बच्चाक पढ़ाई के लऽकऽ शिक्षक आ अभिभावक के बीच संवाद भेल। शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ सभ विद्यालय मे सभ शनि के पैरेंट शिक्षक मीट करयबाक निर्देश जारी कयलनि अछि।

————————————————————

भारतीय पर्यटक आब चारि लाख पच्चीस हजार टाका धरिक नकद भारतीय मुद्रा नेपाल लऽ जा सकताह। नेपालक वित्तमंत्री विष्णु प्रसाद पोडेल बजट भाषण मे ई घोषणा कयलनि अछि। ओ कहलनि जे ई व्यवस्था हवाई आ सड़क मार्ग सँ नेपाल आबयबला यात्री सभ पर लागू होयत। विशेषज्ञक अनुसार एहि व्यवस्था कैँ लागू होयबा मे किछु महीनाक समय लागि सकैत अछि। एम्हर, हमर अररिया संवाददाता जनौलनि अछि जे जिलाक सीमावर्ती क्षेत्र मे रहयबला लोक सभ एहि निर्णय पर प्रसन्नता व्यक्त कयलनि अछि।

———————————————————————————

मौसम विभाग आइ किशनगंज आ अररिया जिलाक एक दू ठाम भारी बरखाक संभावना जतौलक अछि। ओतहि, विभाग पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, दरभंगा, सीतामढ़ी, मुजफ्फरपुर, शिवहर, वैशाली, सीवान, सारण आ गोपालगंज जिला मे एक दू ठाम बरखाक चेतावनी जारी कयलक अछि। प्रदेशक उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पश्चिम भाग मे एक दू ठाम तड़का, ठनका आ तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ हवा चलबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक एक स्थानीय अदालत एक नाबालिग के संग दुष्कर्म आ हत्याक मामिला मे दू आरोपी ओम प्रकाश झा आ सुशील राय के फाँसीक सजा सुनौलक अछि।

———————————————————————————

शिवहर जिला पुरहनिया प्रखंडक आपूर्ति पदाधिकारी झुनू मल्लिक कैँ काज मे लापरवाही बरतबाक आरोप मे निलंबित कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।